

Machaswiv pou Aplikasyon pou Fon Sekou pou Kowonaviris – Èd pou Lwaye

Machaswiv Jeneral

Li machaswiv yo pou aplikasyon sa a.

Tanpri, tape oswa sèvi ak lank BLE oswa NWA. Pa sèvi ak kreyon ni lòt koulè lank. Tanpri ekri yon fason lizib.

Tout espas vid yo dwe ranpli oswa ekri N/A nan yo.

Tout moun nan fwaye a ki gen laj 18 lane oswa plis dwe siyen ak mete dat la sou aplikasyon an.

Machaswiv detaye

- 1. ENFÒMASYON SOU MWA, PWOPRIYETE ak INITE:** Bay mwa w ap chèche èd pou li a, non Kominote a (Devlopman an) ak Nimewo Inite a. Ou dwe bay enfòmasyon sa a yo sou chak paj.
- 2. NON/ENFÒMASYON KANDIDA:** Bay non legal chèf fwaye a (Head of Household, HOH) aktyèlman ak tout lòt manm fwaye a, timoun yo ladan tou. Endike ki relasyon chak manm nan fwaye a genyen ak HOH la (mari/madanm, frè/sè, elatriye), si se gason/fi, kondisyon matrimonyal ak laj. Ajoute lòt fèy anplis si sa nesèsè.
- 3. ENFÒMASYON POU KONTAK:** Bay yon adrès imèl (si genyen), nimewo telefòn pou lajounen ak aswè.
- 4. ENFÒMASYON SOU KALIFIKASYON POU ENPAK COVID-19:** Bay enfòmasyon yo mande konsènan si COVID-19 te afekte revni ou oswa revni yon moun nan fwaye a. Enfòmasyon yo pran la a se enfòmasyon ki enpòtan pou detèmine kalifikasyon.
- 5. ENFÒMASYON SOU REVNI:** Bay enfòmasyon sou tout sous revni fwaye a. Revni an gen ladan sa ki annapre la yo: peman travay, salè, bonis, poubwa, komisyon, prim ankourajman, prim espesyal pou peryòd travay, travay endepandan, sipò timoun, alimoni oswa sipò pou mari/madanm, lajan fanmi ak zanmi ba ou, bòdwo yon moun ki pa nan fwaye ou peye, avantaj chomaj nan Florid, avantaj sekirite sosyal, konpansasyon travayè, redevans ak revni lwaye, pou tout moun nan fwaye a. Peman chomaj debaz ki rive jiska \$275 pa semèn ladan; men peman pou chomaj ak peman estimilis federal anplis pou ka pandemi eskli nan revni pou fè kalkil 30% nan revni nèt ki vin nan men fwaye a ke yo mande pou peman lwaye a. Yo PA konsidere avantaj manje kòm revni. Bay tout enfòmasyon konsènan nenpòt lòt kalite èd ki gen rapò ak katastwòf la.
- 6. Lòt ENFÒMASYON ÈD POU LWAYE:** Bay enfòmasyon sou èd pou lwaye ke fwaye a te aplike pou li nan lòt sous oswa ke fwaye a deja resevwa pou mwa ki konsène nan aplikasyon sa a.
- 7. FO DEKLARASYON:** Chapit 817 nan Lwa Florid yo bay deklare fo deklarasyon oswa defòmasyon volontè konsènan revni ak aktif oswa pasif anrapò ak sitiyasyon finansye

reprezante yon krim nan premye degre epi li kapab resevwa pinisyon avèk amann ak prizon ki prevwa nan §775.082 oswa §775.083.

Ak dokiman sa, yo enfòmè kandida yo ke si yo fè volontèman oswa tutespre yon deklarasyon alekri ki fo materyèlman oswa ki bay manti anrapò ak finansman sa a, sa kapab lakòz yo pa kalifye pou avantaj yo, sa kapab lakòz yo pran mezi pou rekipere nenpòt lajan ke yo peye kandida a oswa ke yo peye sou non kandida a, ak/oswa yon referans bay aplikasyon dwa penal. Kandida a deklare ke tout deklarasyon ak reprezantasyon kandida a fè konsènan montan kandida a te resevwa, se bagay ki te vre ak kòrèk epi ki dwe vre ak kòrèk.

- 8. OTORIZASYON POU KALIFIKASYON:** Li **obligatwa** pou ou siyen fòm sa a, ki bay konpayi jesyon an, Florida Housing oswa ajan Florida Housing yo otorizasyon pou mande enfòmasyon bò kote tyès pati si yo chwazi pou fè sa pou verifye ak pou dokimante kalifikasyon ak patisipasyon w pou Fon Sekou pou Kowonaviris – Èd pou Lwaye.
- 9. KOMINIKASYON DOSYE PIBLIK:** Enfòmasyon kandida a (kandida yo) bay ka depann de Chapit 119, Lwa Florid, konsènan Dosye ouvè. Nenpòt moun ka mande pou yo egzamine ak/oswa pou yo itilize enfòmasyon ke ou bay/ke fwaye ou bay ke Lwa Florid pa pwoteje. Sa pa konsène si wi ou non fwaye a kalifye pou finansman.